



TUNAS SEMI

ANTOLOGI GURITAN



BALAI BAHASA YOGYAKARTA
1999



TUNAS SEMI

ANTOLOGI GURITAN

BALAI BAHASA YOGYAKARTA
1999

TUNAS SEMI

Antologi Guritan

Cetakan Pertama
Oktober 1999

Penyunting
Imam Budi Utomo
Pardi

Desain Cover
Abahe Fivin Fitriya

Pracetak
Summaryanto
Hermi Windusari
Pardi
Sri Wiyatno
Ninik Sri Handayani

Penerbit
Balai Bahasa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34
Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

ATUR SACU WIL

Alhamdulillah, awit antologi guritan kang banget prasaja iki wis kasil kaimpun lan kababar. Buku iki mujudake kumpulan utawa antologi guritan asil karyane para peserta kang dumadi saka para siswa SMU se-DIY. Kegiatan Peningkatan Apresiasi dan Penulisan Kreatif Sastra Jawa kang disengkuyung dening Balai Bahasa Yogyakarta iki minangka gantine Bengkel Sastra Jawa kang wus diadani saben taun. Nanging bedane, yen Bengkel Sastra diadani nganti kaping sepuluh pertemuan, lha yen kegiatan iki mung diadani kaping pindho, yakuwi dina Ahad tanggal 3 Oktober 1999 (mapan ing Balai Bahasa Yogyakarta) lan tanggal 10 Oktober 1999 (mapan ing Kaliurang). Amarga mung diadani kaping pindho lan para peserta kudu wis bisa ngasilake karya guritan, mula asile mesthi wae isih kurang gregete. Nanging sanajan mangkono katon banget yen para peserta kegiatan iki, ya para nom-noman siswa SMU, ngatonake semangat kang gedhe banget murih bisane nganggit guritan. Yen kita tintingi pancen ya ana guritan sing wis rada “isi”. Nanging sing baku kuwi rak kepriye bisane para generasi mudha kita ngapresiasi lan nganggit guritan saengga mujudake semine tunas-tunas mudha kang bakal njejegake lan ngrembakake sastra Jawa, mligine guritan. Mesthine wae tunas-tunas kang lagi wiwit semi kuwi perlu diopeni, dirabuk, lan disiram kanthi tlaten saengga ora gampang alum lan garing.

Antologi iki bisa klakon kababar awit pambiyantune saka panjenengan kabeh. Mula ing kene kita ngaturake gunging panuwun marang Bapak Suwadi, Pangarsa Balai Bahasa Yogyakarta, Dra. Sri Widati, Koordinator Subbidang Sastra, lan Drs. Slamet Riyadi, Koordinator Subbidang Pembinaan, kang wus ngayomi kegiatan iki. Kita uga ngaturake gunging panuwun marang Drs. Poer Adhie

Prawoto, Drs. Suwardi Endraswara. lan sedulur Turiyo Ragilputra, kang wus sumadya dadi tutor lan bintang tamu ana ing kegiatan iku. Kajaba kuwi kita uga ngaturake panuwun marang kabeh para peserta lan panitia saengga kegiatan iki bisa kasil kanthi rancak.

Muga-muga buku antologi guritan kang banget prasaja iki bisa migunani lan bisa narik kawigaten tumrap para mudha liyane saengga sastra Jawa ora bakal cures ketilep dening ombaking jaman. Nuwun.

Yogyakarta, 17 Oktober 1999
Koordinator,

Imam Budi Utomo

DAFTAR ISI

ATUR SACUWIL	iii
DAFTAR ISI	v
Akhyar A.N.	
* <i>Ing Wayah Surup</i>	1
* <i>Ora Kinira</i>	2
Ari Iswahyuningsih	
* <i>Sang Bagaskara</i>	3
* <i>Merapi</i>	4
Violet A.	
* <i>Piye Rasane</i>	5
* <i>Pereng Garing</i>	6
* <i>Canthinging Tresna</i>	7
Dyah Ratri D.	
* <i>Nyuwun Pangapunten</i>	8
Niken Dewi R.	
* <i>Nyawang Katresnan</i>	9
* <i>Lelakon</i>	10
* <i>Kepaten</i>	11
Bandi Saron	
* <i>Eling</i>	12
Nur Hidayah	
* <i>Lintang Wengi kang Gawe Endah</i>	13
* <i>Katresnan kang Dakantu-Antu</i>	14
Hemma Ratnaningsih	
* <i>Garising Pesthimu</i>	15
* <i>Sangsara Gusti ing Puncak Golgota</i>	16
Robyyantoro Hw.	
* <i>Semut Ireng</i>	17
* <i>Sirna</i>	18

Anies	
* <i>Pucuking Pangarep-Arep</i>	19
* <i>Wedhus Gembel</i>	20
* <i>Sumilire Angin</i>	21
Ratih Ratna Miin	
* <i>Beda</i>	22
Sri Widarti	
* <i>Jaman Edan</i>	23
* <i>Gunung Merapi</i>	24
Sunarta	
* <i>Pak Kardi</i>	25
* <i>Piweling</i>	26
Anastasia Purwanti	
* <i>Sepi</i>	27
Rachmatullah Hadi N.	
* <i>Tansah Elinga</i>	28
* <i>Campursari</i>	29
Andreas Willy P.	
* <i>Kalpika</i>	30
* <i>Swara</i>	31
Fransisca S.	
* <i>Angin</i>	32
* <i>Donya</i>	33
Harry Yulianto	
* <i>Piweling</i>	34
* <i>Peparingan</i>	35
Apin Mardesa Sari	
* <i>Swara</i>	36
* <i>Sepi</i>	37
Nurul Aini Sinta D.	
* <i>Bagaskara</i>	38
* <i>Beteng Semut</i>	39

Suwardi Endraswara	
Apresiasi dan Penulisan Kreatif Puisi Jawa	41
Poer Adhie Prawoto	
Puisi Jawa Modern	48
Turiyo Ragilputra	
Ayo Nulis Guritan	53
<i>Biodata</i>	59

1. *Phragmites*

2. *Scirpus*

3. *Eleocharis*

4. *Cyperus*

5. *Distichlis*

6. *Sagittaria*

7. *Najas*

8. *Chara*

9. *Alisma*

10. *Sparganium*

11. *Trapa*

12. *Vallisneria*

13. *Hydrocotyle*

14. *Potamogeton*

15. *Utricularia*

16. *Salvinia*

17. *Wolffia*

18. *Monostroma*

19. *Enteromorpha*

20. *Ulva*

21. *Enteromorpha*

22. *Ulva*

23. *Enteromorpha*

24. *Ulva*

25. *Enteromorpha*

26. *Ulva*

27. *Enteromorpha*

28. *Ulva*

29. *Enteromorpha*

30. *Ulva*

31. *Enteromorpha*

32. *Ulva*

33. *Enteromorpha*

34. *Ulva*

35. *Enteromorpha*

36. *Ulva*

37. *Enteromorpha*

38. *Ulva*

39. *Enteromorpha*

40. *Ulva*

Akhyar A.N.

ING WAYAH SURUP

delengen kae
sang bagaskara wis angslup
nandhakake wayahe wis surup
rungkna azan kang rumesep ing ati
 delengen kae
 tuwa mudha
 sandhangan resik nenteng sajadah
 padha guyup reruntungan
 marak ngadhep Gusti Kang Murbeng Dumadi
delengen kae
saf kang lurus katon rapi
ing kalbu anane mung pasrah-sumarah
ngarep-arep ganjaraning Gusti
yagene kowe mung ndeleng wae...
ayo padha nindakake kuwajibane
limang wektu iku ora kena katinggalake

Akhyar A.N.

ORA KINIRA

diajeng kang daktresnani
manjing ana ing saindhenging kalbu
tan bisa ana kang wani
nggondheli rasa katresnanku

ora kinira sliramu ora sudi
nampa tekaku ing atimu
lara atiku, wirang atiku
jebul sliramu ana kang ndarbeni
ora kinira!

Ari Iswahyuningsih

SANG BAGASKARA

sisih wetan bang narawang
sumamburat sunare madhangi jagad
kapethuk ocehe manuk
para kadang padha amiwiti sembahyang
anetepi wajibe wong ngaurip
manembah marang Gusti

Ari Iswahyuningsih

MERAPI

papanku ana ing pucuk kutha Ngayogya
adegku jejeg tan goyah dening maruta
pakaryanku gawe makmure manungsa
kulitku kebak tetuwuhan
kang gawe anyesing swasana
sapa kang ora weruh aku?
lungguhku ngarepake tugu
pandelengku bablas tumekeng samodra

Violet A.

PIYE RASANE

ngleyang tanpa pepalang
mapag angin lan ngambang
ngrungokake donya kebak tetembangan
piye sawangane ing angkasa
dhuh, kukila?

coba critaa
laku tanduke manungsa
kang kasawang saka ndhuwur kana

Violet A.

PERENG GARING

mapag lakuku ing pucuk dalan donya
gagah lan mardika
ngadeg nantang sunare baskara
endahing

ing pereng garing
tempuk pisahing tresnaku
susah lan senengku
dadi pucuk dalan pisahing nyawaku

jagad iki
guyu lan tragedhi
--urip lan pati--
jejer pisah kaya pereng-pereng iki
endahing

Violet A.

CANTHINGING TRESNA

lakuning canthingmu
mbebeda atiku
nggurit guritan ing sajroning klabu
sapa jenengmu
esem kang gawe tentrem?

canthing nggurit kukila smara
ngrabuk tuwuhing puspita tresna
gawe greget prepet netra ing rina
mbebeda ati, impi ing wayah wengi

sepur kang mrambat dak pecut rikat
mendhung angkasa dakkibas singkang tresna
kapan bisa nyawiji?
kandha atiku kangen sliramu

Dyah Putri Daninggar

NYUWUN PANGAPUNTEN

seseg
sumpek
bunek
kawula ajrih
donyane mubeng
donyane peteng
kawula ajrih,
leres, kawula ajrih
kawula piyambakan
boten wonten kadang
boten wonten rencang
kawula lepat
dinten enjing kawula lepat
surupe nembe kawula eling
Gusti wonten lan sumerep
kawula tebih,
ngumbar hawa donya kang nggegirisi
nyuwun pangapunten
Gusti, kawula nyuwun pangapunten
kawula kesupen
leres, kawula kesupen

Niken Dewi Rosita

NYAWANG KATRESNAN

tibaning urip dicancang kere
dadya kere arupa buta
ngronce katresnan mring naradipa
katedhengan tembok Cina

lara laraning wong kinasih
kinasih sugihing bandha
bangun brayat segara asmara
tan ana yekti wibawa

impen samangsa
nalika sasangka purnama
prapteng panggalih ngandika
mokal tresnaning lara lan manggala

Niken Dewi Rosita

LELAKON

gandane godhong pandhan
sinawang kencar-kencar
nugel wreksa sesambatan
nglakoni urip keponthal-ponthal

sandhangan liman mawa sanjata
gadhing mangkeluk awujud manuk
kalis dening bebaya
amarga tata trapsila

kareben dalan pinuju nirwana
ojo lali marang Sing Kuwasa

Niken Dewi Rosita

KEPATEN

mendhung ing Kaliurang
kasaput mega Bathara Kala
sepining mertapa
nyumingkir saka donya

yen tiba kala mangsane
lumaku ing tipise rikma
kagawa ombak mayapada
adoh saka manungsa

kemrosaking kahanan
peteng dhedhet tanpa cahya
dlanggung surem pinuju pati
senthir murup nyelakake ati

Bandi Saronu

ELING

Esuk kang adhem tansah rumaket
Tansah rumaket gawa pesene suket
Lakune angin kang tansah ngajak gegojekan
Aku ora bisa, aku ora tumeka

Tumekaning kukila padha gegojekan
Anggawe rumegenging swasana
Padha elinga marang Kang Kuwasa
Mula bukane aja padha sembrana

Nur Hidayah

LINTANG WENGI KANG GAWE ENDAH

Lintang wengi kang nyunari bumi
Gawe reseping ati
Muwuhi endahing wengi

Wengi tanpa lintang krasa sepi
Amarga wengi dadi peteng
Nanging yen ana lintang
Wengi dadi asri

Lintang kang sumunar
Aja ilang cahya endahmu
Amarga wengi dadi tanpa arti

Nur Hidayah

KATRESNAN KANG DAKANTU-ANTU

Sumilire angin ing Kaliurang
Gawe hawa sangsaya njekut
Nanging iki katentreman kang dakantu

Kahanan kang sepi
Nambahi arti
Manawa urip kudu ngati-ati
Marang sakabehe prastawa kang dumadi

Kabeh manungsa saiki ora perduli
Kaya-kaya manungsa kuwi tanpa aji
Kabeh ora perduli marang ajining dhiri
Kabeh nglalekake Sing Kuwasa

Ana ing kahanan kang sepi iki
Aku bisa nemokake apa karepku
Manawa pancen katentreman kang akantu-antu

Hemma Ratnaningsih

GARISING PESTHIMU

Gusti ...

Sempla atiku mapag garising pesthimu

Grantasing pangangen-angen iki

Kinira pupus wayah sore

Kusem

Sangsaya surem sunar kapacak

Lir ing panggayuh agung

Kelara-lara awak gumujeng kenceng

Rinengga samaring raharja

Lamun Gustinira paring seda

Kalisa luhing rubeda

Tinapak rancag ilining pahargyan langgeng

Jer awak netepi sedya

Hemma Ratnaningsih

SANGSARA GUSTI ING PUNCAK GOLGOTA

Gusti pepundhen kawula
Abdi dalem ngrerepeh nyungkemi Panjenengan
Tebah-tebah dhadha nggetuni urip
Gesang kebak kanisthan, kebak duraka
Amrih kawula Pangran kaputus ukum seda
Oh, sukma delengen Gusti. Nampani pamenthangen
Mikul salib tindak menyang Golgota
Tansah dibebeda, dianiaya
Gusti pepundhen kawula
Panjenengane dhawah ... dhawah ... dhawah
Oh, sukma delengen Gusti sesembahanmu
Dilarak menyang pamenthangen
Panjenengane nandang kasangsaran nglabuhi aku
Nebusi kadurakan
Rama kang dadi panggujenge
"Rama, kawula masrahaken jiwa kawula ing asta dalem
kang maha gesang seda
sukmani banjur mabur ing taman firdaus
Dhuh Sang Hyang Alah
Seda anglebeti titah
Sumujud manembah marang Pangeran
Pungkasing ing donya tumuju kalanggengan

Robyyantoro Hw.

SEMUT IRENG

semut kang baris golek pangan
ing tengahing kahanan sing ora mesthi
padha njerit lan nangis
ndeleng polah lakune manungsa
kang gawe congkrahing ati
semut, geneya lakumu ora mandheg
ngadhepi kahanan mangkono?!

Robyyantoro Hw.

SIRNA

Udan ing wengi tumiba
Nelesi lemah ati sing lara
Dakbukak maneh jendhelaku
Anggoleki tipak lakumu
Kang ilang kabur dening angin

Ing tawang
Katon gawang-gawang jejuwing ati

A. Anies

PUCUKING PANGAREP-AREP

Gunung kang ana ngarepku
apa bisa aku ngranggeh sliramu
kang dakantu ana ing kalbu
bisaa sliramu marak ing ngarepku
pangarepku mung kaya watu
tan bisa konggreh sanajan kena santere bayu

A. Anies

WEDHUS GEMBEL

Merapi kang dakngunguni
Endah sesawangane tumrapku
Ora saendah kaya kang dirasakake
korbane kang aran wedhus gembel

Merapi kang katon ngresepake
Nanging bisa muntab yen dikersakake
Muntahe lahar kasuntakake
Saka Gusti kersane
Kanggo pepeling kabeh wae

A. Anies

SUMILIRE ANGIN

Playune kang datan bisa kaoyak
Wujude kang datan bisa karengkuh
Rupane kang datan bisa kadeleng
Cacahe kang datan bisa kaetung

Nanging aku bisa ngrasakake
Tumekaning angin kang nrecep
Bisaa nyuntakake pangrasaku
Kang dakgurit ing pucuking kalbu

Ratih Ratna Miin

BEDA

ing satemene urip
butuh tembung kang trep
agawe werna
lan kelap-keliping
jagad

abang - ijo
ireng - putih
ala - becik
jalu - estri
padhang - peteng

agawe ramening
jagad ...

Sri Widarti

JAMAN EDAN

jamané wis jaman edan
wong-wong padha nglanggar tatanan
apa maneh pa nom-noman
wis padha ora maelu aturan
amarga padha percaya marang sesumbaran
yen ora melu edan ora bakal keduman

Sri Widarti

GUNUNG MERAPI

sliramu madeg jejeg ing sisih lor
nalika disawang saka Ngayogya
warnamu biru campuh karo langit
lan wujudmu yen daksawang endah-edi
ngresep ing atiku
ananging yen sliramu dakcedhaki
wujudmu mung rupa undhukan lemah kang dhuwur
sliramu uga arupa alas kang jembar lan arupa wit-
witan
sliramu migunani marang bebrayan
bisa uga dadi memala tumrap manungsa

Sunarta

PAK KARDI

Pak Kardi setaun kepungkur dadi kuli
saiki kebak bandha kang mrahanani
tangga teparo padha nyekseni
dheweke duwe barang kang nyubriyani

ujud bocah gundhul
menyang ngendi tansah gumandhul
yen wus tekan nuli ucul
yen bali nggawa emas sawakul

Pak Kardi, Pak Kardi.....
marga gebyaring kadonyan
kowe nyebal saka kanyatan
nembus alam setan kebak kanisthan
kang nyingkirake saka kaswargan
kabeh ngerti kowe urip mulya
nanging mulya saka umbaring angkara
kang nggawa kabegjan donya
nyeret menyang dalane nraka

Sunarta

PIWELING

Angin sumilir
nggawa weling mring manungsa
supaya eman marang sapadha
tansah eling kang Kuwasa

Angin sumilir
ngajak tansah mikir
kahaman jaman akhir
kang diwiwiti malaekat Izroil

Angin sumilir
ngelingake aja nggugu nepsu
kang bisa gawe tatu
nyeret marang bebendhu

Tibane banyu tandha arep udan
aweh eling ja kabujuk setan
kang nggawa kacintrakan
ing akhiring jaman

Anastasia Purwanti

SEPI

Kahanan ing ngarepku krasa sepi
ora ana wong kang ngliwati
mung hawa adhem kang dakrasa
ora ana liya

Sepi

gawe atiku sepi
ora ana kang dakpikir
aku lungguh jroning sepi

Rachmatullah Hadi N.

TANSAH ELINGA

Setan-setan ora katon
nanging wis padha mapan
aruming ganda lumebu ing grana
jebul mawa wisa
swara lumebu ing karna
jebul wijining memala
sesawangan kang endah
jebul godhane iblis laknat

nanging aja sumelang
kae ...
ana teja manther sasada lanang
sapa kang gelem nyawang

Rachmatullah Hadi N.

CAMPURSARI

Campuren nganggo etungan kang bener
udhaken nganggo banyu,
aja kesusu, aja nglemer
olehe ngetung kudu ditaker
pasang pathok kudu bener
ukuran manut gambar
golek tukang sing pinter
seiya ragad
aja mubeng minger
yen salah nyampure gawe lingsem
rusake gelis, kakehan breguden

Andreas Willy S.P.

KALPIKA

kalpika endah saka kencana
tandha setya lan tresna kang kuncara
kapasang ing racikan dhiajeng
kanthi pangajab katresnan langgeng

Andreas Willy S.P.

SWARA

ana swara ing alas randhu
keprungu lan sumesep ing kalbu
kapisan swara jangkrik
kapindho swara pitik

kepengin dakdeleng
dakparani lan aku mudheng
jangkrik ngriket suket
pitik nuthul jangkrik
katulis pikir salarik
apa mangkono swarga kang caket teka

Fransisca S.

ANGIN

angin kang sumilir
alon ngusap raiku
angin kang sumilir
nggawa hawa adhem

angin ... angin kang sumilir
ngobahake godhong wit-witan
angin kang sumilir
nggawa swaraning kewan-kewan

Fransisca S.

DONYA

Donya kang edi peni
Karyane Gusti
Manungsa
Kudu njaga mrih lestari
Marga donya rinipta
Kanggo kabeh manungsa

Nanging saiki
iki donya rusak
amarga tindak culika

yen mangkono, donya bisa musna
mula kudu kajaga

Harry Yulianto

PIWELING

dhi ...

delengen kae

jurang mangap, gunung ngacung

apa kowe ora nganggep

jurang mangap nadhah paringing Gusti

gunung ngacung nyuwun mring Gusti

dhi ...

aja kendhat anggonmu nyenyuwun

tuladna jurang lan gunung

muga Gusti nyembadani

Harry Yulianto

PEPARINGAN

Bungahe atiku

rikala nyawang jumedhuling Bagaskara

ing sisih wetan

minangka pratandha

binukane gapura tobat

Apin Mardesa Sari

SWARA

wus ... wus ... wus ... swara angin lumaku
krik ... krik ... krik ... swara jangkrik
tetembangan
gug ... gug ... gug ... swara asu jegog nesu
srek ... srek ... srek ... swarane wong padha
mlaku
kuwi kabeh swaraning donya

Apin Mardesa Sari

SEPI

kabeh meneng tan ana sing muni
jangkrik pamer swara
kabeh wong crita ngayawara
aku mung ngadeg angejejer lan ngungun
nyawang kahanan
kang dadekke ati angluh

Nurul Aini Sinta D.

BAGASKARA

Bagaskara
reneya, aja tansah isin amiyak tawang
sepi atiku, sepi batinku

Bagaskara
seksenana nalika godhongan
kangen cahyamu
seksenana nalika aku napak
midak sawernaning jiwa
ngilangi nyawa
tanpa krasa atiku merem
mbuwang tangis, nggayuh lintang
apa bisa?

Bagaskara
udan kang ndudul kulit
apa ngerti sawernaning swara
apa udan bisa ngebaki
sadaوانing kali mati
ngebaki sepi

Nurul Aini Sinta D.

BETENG SEMUT

O, beteng semut
rasane luwih dhuwur katimbang rasa
rasa kang tansah mandeng bawana
sajroning beteng semut
kabeh rasa kang meh mati
sapa kang sedya ngopeni
paling mbuwang sepi
kumpul lan sedulur
karep bareng golek geni
Ah, ironi!
nalika mlaku ing ngisor rodha pedati

Apresiasi dan Penulisan Kreatif Puisi Jawa

Suwardi Endraswara

1. Orientasi Apresiasi Puisi

Puisi Itu suatu tangisan, gugatan (unjuk rasa), detakan, greget, nyanyian, rintihan, dan lain-lain. Di dalam puisi ada emosi yang harus dikejar. Emosi itu bercampur manis dengan pikiran dan imajinasi.

Mengapresiasi puisi merupakan upaya memasuki dunia-nya secara suntuk melalui proses membaca dan menikmati. Pembacaan puisi dapat bersifat personal, yakni ketika mendalami puisi di kamar —misalnya— sebagai upaya pelarian psikologis. Hasilnya adalah kepuasan: *mesam-mesem sendiri, iba, hi-ha-hi-hi, terbahak-bahak, mengernyitkan dahi, dll.* Puisi menjadi pil mujarab atau obat jiwa.

Apresiasi dapat ditingkatkan lagi ke arah pembacaan kreatif-estetis, yakni ke arah 'penampilan puisi' atau pemanggungan. Dalam hal ini, puisi sudah menjadi komoditas: pameran, pameran, *show*, iklanisasi, dan terobosan komunikasi kepada audiens.

2. Apresiasi Puisi: Melalui tingkatan: menggemari, menikmati, merespons, dan memproduksi. Apresiasi perlu melihat: judul, pilihan kata, imaji, simbol, persajakan, tema. Kita perlu mengetahui macam-macam puisi Jawa.

(1) *naratif*, yaitu guritan yang mengungkapkan cerita atau penjelasan penyair. Yang termasuk guritan naratif adalah (a) *epik*, yaitu menjelaskan atau menceritakan sesuatu, misalnya *Wengi ing Pinggir Bengawan*

(Moch. Nursyahid P, (b) *balada*, guritan yang berisi tentang tokoh yang menjadi pusat perhatian, misalnya *Balada Joko Tarub* (Suripan Sadi Hutomo) dan *Balada Juwariyah Kembang Pelanyah* (Poer Adhie Prawoto), (c) *romansa*, guritan yang memuat kisah romantik atau percintaan biasanya penuh luapan perasaan, misalnya *Guritan Sinta Marang Rama* (Tjahjono Widarmanto).

- (2) *Lirik*, guritan yang mengungkapkan gagasan pribadinya. Ia tidak bercerita. Ia mencetuskan kandungan atau isi hatinya. Guritan ini dibagi menjadi (a) *elegi*, guritan yang mengungkapkan rasa duka, misalnya *Elegi* (Hartono Kadarsono), (b) *Ode*, pujaan terhadap tokoh atau tempat atau keadaan, contoh *R.A. Kartini* (TS Agrarini, (c) *mantra* (*prothalmion*), biasanya berisi kekuatan semedi atau meditasi yang cocok juga untuk antawecana ki dalang, misalnya *Hong Ilaheng* (R.M. Wisnoe Wardhana).
- (3) *Deskriptif*, yaitu guritan di mana penggurit bertindak sebagai pemberi kesan terhadap keadaan atau peristiwa, benda, suasana yang dipandang menarik perhatian. Termasuk jenis ini adalah (a) *satirik*, yaitu guritan yang berisi ejekan atau sindiran terhadap sesuatu hal, misalnya *Jaman* (Muhammad Yamin MS dan *Adu Tiyasa* (Andjrah Lelana Brata, *Satire Menthok-Menthok* (Suwardi Endraswara), (b) *kritik sosial*, misalnya *Serere Adhuh Lae* (Turiyo Ragilputro), (c)

- impresionistik*, guritan yang memberi kesan mendalam terhadap sesuatu, misalnya *Saka Padesan* (St. Iesmaniasita).
- (4) *Platonik*, yaitu guritan yang memuat gambaran kejiwaan atau spiritual, misalnya *Prau lelakonmu* (Wieranta).
 - (5) *Metafisikal*, yaitu guritan yang memuat nafas filosofis dan mengajak pembaca untuk merenungkan kehidupan dan Tuhan, misalnya *Devo Ruci* (Wieranta).
 - (6) *Konkrit*, yaitu guritan visual yang dapat dinikmati keindahannya dari sudut pelihatan (*poems for the eye*), *Kucing* (Efik Mulyadi, dan *Wong* (Suwardi Endraswara).
 - (7) *Diaphan*, yaitu guritan yang polos dan mudah dicerna, tanpa basa-basi.
 - (8) *Gelap*, yaitu guritan yang sulit dicerna, misalnya *Nora Jodho* (Carito YS) dan *Sepiku Sepi Watu* (Turiyo Ragilputro).
 - (9) *Prismatis*, guritan yang kaya dengan artistik dan estetik, semuanya dikemas selaras, misalnya *Metamorfose* (Krishna Miharja).
 - (10) *pamlet, humor, demonstrasi, unjuk rasa*, yaitu guritan yang berisi ajakan, bujukan kepada orang lain, mungkin juga diselingi humor. Guritan ini biasanya memuat protes sosial, misalnya *Retno Rumanti lan (Tandha Kurung)* (Christanto P. Rahardjo).
 - (11) *alegori*, yaitu guritan yang menggunakan perumpamaan menyeluruh yang dimaksudkan untuk memberikan nasihat budi pekerti dan agama, misalnya *Guritan Asu* (Made Sudi Yatmana).

- (12) *dramatik*, yaitu guritan dengan dialog-dialog yang dapat dimainkan, misalnya guritan komedi yang menggelikan, misalnya *Fragmen Minak Jinggo Dayun dan The Tragedy of Siti Rohana* (Suwardi Endraswara).
- (13) *epigram*, yaitu guritan yang melukiskan rasa keterusterangan, tanpa ditutup-tutupi, misalnya *Epigram Seka Mbalokan* (Bene Sugiarto).
- (14) *xenia*, dari bahasa Yunani *xenian* (pemberian) atau persembahan, misalnya *Pangestu* (Anie Sumarno).

3. Tahap Penciptaan Puisi

Tahap penciptaan puisi meliputi (1) *tahap penggalan*, yang meliputi tahap (a) *kepekaan*, yaitu individu harus peka menangkap fenomena kehidupan, tangkaplah '*spirit of age*', misalnya, (b) *sublimitas*, yaitu setelah menangkap fenomena, seseorang dapat menyublimasi dengan cara membayangkan keagungan dan keindahan ciptaan Tuhan, (c) *abstraksi*, yaitu menghubungkan fenomena tadi dengan visi atau panorama dirinya, (d) *pengeraman embrio*, yaitu dengan merenungkan, menajamkan, memendam, dan mengerami (*menepake*) fenomena beberapa saat; (2) *tahap pemuangan*, tahap ini merupakan peneloran embrio yang telah menjadi '*core meaning*' atau bakal karya sejati. Pada saat ini, semua perasaan, pikiran, dan kemauan dicurahkan. Karena itu, dalam pengekspresian ini perlu melakukan hal-hal lain, yakni (a) *ersatz-stimuli* (memikirkan konsumen karya tersebut dengan membuat '*the art of literature*'), (b) *wishful-thinking* (mem-

bayangkan impian kaval pembaca. apa yang diinginkan pembaca). (c) *rethorika* (menguasai cara mengobrol pembaca. misalnya dengan improvisasi dan akrobatik). (d) *pathos* (pengarang menaruh simpati dan empati ke dalam karyanya, merasa terlibat), (e) *utopia* (menghidupkan karya dengan melanturkan impian khayal), (f) *obsesi* (melamun, sehingga seperti orang kesurupan), (g) *chaos* (menciptakan situasi psikologis yang 'kacau-balau' seperti 'gila'), (h) *katarsis* (memberikan rasa lega kepada pembaca, dengan menyelipkan nilai moral), (i) *eksgerasi* (pengungkapan yang dilebih-lebihkan, ditonjolkan agar memikat pembaca); (3) *tahap koreksi*, yaitu merevisi karya sebelum dilontarkan ke publik. Penulis adalah pembaca pertama. Bagian mana yang kurang *greget* harus *dibesut*; (4) *tahap introspeksi*, yaitu mau menerima kritik dari pembaca.

4. Teknik Membaca Puisi

Teknik baca guritan menyangkut berbagai hal agar tampilannya lebih menarik, indah, komunikatif, dan segar. Teknik-teknik itu adalah pada kemampuan olah:

- (1) vokal/ucapan, kejelasan artikulasi (misalnya *ta, tha, hemm, emm, uh, oh, huh, dll.*), kemerduan yaitu tekanan dinamik (keras-lembut; *mas, massss, massss!, massss-masss*), tekanan *tempo* (cepat-lambat) berbeda dengan reporter sepakbola dan pranatacara tetapi cukup *las-lasan, ora kaya dioyak asu njur pengin ndang rampung (keponthal-ponthal)*, tekanan nada (*kung, anggun, cemeng, mempesona, antep-entheng*), dan modulasi (*perubahan bunyi*)

desah, guntur), yang biasanya suara perut, bukan dada, tidak korupsi kata, juga jangan memberi tambahan 'sembako' kata;

- (2) gerak, mimik dan penampilan, harus sesuai dengan tuntutan puisi. Artinya, gerakan tidak dilebih-lebihkan, di mana perlu saja (*gerak reflek, melangkah, gelengkan kepala, angkat tangan*) dan memang sulit memposisikan anggota badan (tangan) dalam pembacaan guritan. Gerak meliputi *atraksi, akting, dan mimik*. Lalu ada pembaca guritan seperti membawa benda sesungguhnya yang dituntut guritan, pegang teks seperti ceramah, disertai *oceh-ocehan bibir, tembang, bersiul*, dsb. Begitu pula perubahan mimik, semestinya wajar, tidak harus menangis yang dibuat-buat sampai membuat air mata buatan. Gerak perlu dikembangkan sampai mencapai klimaks agar pembacaan tidak datar (*monoton*), seperti membalikkan badan, pindah tempat, meloncat, membanting kertas, menyebar kertas satu persatu, dll. Dengan kata lain, gerak harus dipertimbangkan masak, harus beralasan, dan jangan *over acting*.

Pembaca guritan, juga perlu menciptakan situasi komunikatif. Artinya, sesekali memang tidak dilarang merespons audiens, mendekati audien (asal tidak *kebablasan*). Namun, harus tetap hati-hati dengan siul-siul atau suit-suit, *clemongan*, dan godaan audien.

Pembaca: *jangan sesekali menyebul dan mengetuk pengeras suara, kalau bisa pakai wairles, pengeras tidak dipegang, dan bersandar sepeda.*

Pembacaan puisi: dapat dilakukan sendiri dan model kolaboratif. Keduanya tetap memperhatikan *performing art* (pertunjukan).

PUISI JAWA MODERN

Poer Adhie Pruwoto

Pendahuluan

Di dalam kesusastraan Jawa dikenal adanya genre guritan atau geguritan di samping adanya *genre-genre* yang lain, misalnya cerita pendek (*cerkak*), novel, roman, crita rakyat, tembang, babad, dan lain-lain. Guritan adalah puisi Jawa modern yang banyak ditulis oleh penyair (penggurit) sastra Jawa setelah zaman kemerdekaan. Kalau kita ingin membaca karya guritan adalah hal yang mudah bila kita berlangganan atau sering membolak-balik majalah dan surat kabar berbahasa Jawa, karena pada umumnya hampir tiap majalah atau surat kabar berbahasa Jawa membuka rubrik guritan pada lembar kesusastranya. Bahkan, bagi siswa-siswi SLTP dan SLTA sudah cukup sering mendengar adanya lomba membaca guritan karena hampir tiap tahun Kanwil Depdikbud Propinsi Jawa Tengah, Daerah Istimewa Yogyakarta, dan Jawa Timur menyelenggarakannya.

Menulis Guritan

Guritan memang nyaris tak berbeda dengan puisi modern di dalam kesusastraan Indonesia. Yang membedakan adalah medianya. Guritan ditulis dalam bahasa Jawa, sedangkan puisi ditulis dengan bahasa Indonesia, atau kadang-kadang bahasa Indonesia yang dicampur dengan bahasa Jawa (mungkin juga bahasa Inggris dan bahasa Cina). Guritan-pun ada yang dicampur sedikit-sedikit dengan bahasa Indonesia atau bahasa Inggris sepanjang pengguritnya tidak mampu

mencari padanan katanya dalam bahasa Jawa, atau bahkan secara sengaja disipkan bahasa Indonesia atau bahasa asing sebagai ramuan pemanis.

Pernah seorang teman bertanya, bagaimana cara menulis guritan? Mudah saja, jawabnya sudah tersiar pada majalah *Panyekar Semangat* belum lama ini (baca: *PS*, No. 37, tanggal 11 September 1990 dengan judul "*Gawe Guritan Iku Gampang!*").

Menulis karangan (termasuk mengarang puisi atau guritan) sebenarnya adalah suatu peristiwa komunikasi. Kita menuliskan ide, gagasan, pikiran, untuk disampaikan kepada orang lain. Agar ide, gagasan, dan pikiran yang disampaikan kepada orang lain itu mudah diterima tentu saja harus menggunakan bahasa yang mudah dipahami. Dengan demikian, seorang penyair menulis puisi atau guritan perlu mempertimbangkan penggunaan bahasa yang sederhana.

Bumbu Artistik

Apabila guritan ditulis dengan bahasa yang sederhana sudah cukuplah kerja penyairnya? Ternyata bahasa yang sederhana saja belum cukup untuk menjadi puisi/guritan yang baik. Maka penyair hendaknya menyediakan pula perangkat keindahan. Puisi sebaiknya dibumbui dengan keindahan bahasa berupa irama, pemilihan kata-kata yang liris, dan kekuatan makna yang dalam. Akan lebih sempurna pula bila karya puisi itu mengandung nilai-nilai universal agar lebih tahan waktu sehingga sanggup dinikmati kapan dan di mana pun.

Di bawah ini dikutipkan sebuah guritan karya Sri Setya Rahayu yang berjudul *Sapa Jenengmu, Cah*

Ayu? Guritan ini sangatlah sederhana, tetapi memiliki nilai universalitas yang cukup dalam, memenuhi syarat-syarat dalam hal penuangan ide, pemikiran, dan gagasan, mengandung irama dan teramat liris, namun dikemas dalam bahasa Jawa yang mudah dipahami oleh siapa pun. Demikian bunyinya:

SAPA JENENGMU, CAH AYU?

*sapa jenengmu, cah ayu
yahmene durung turu
thenguk-thenguk ngisor waru
nyawang rembulan, sunare ungu
o, edi banget
dak cedhaki, eseme kumambang
panjenengan sinten?*

*aku wong ngumbara
dodol crita golek sega
mripate dadi amba, aku mesem
dak gandheng: muliha, mulih
eman-eman ayumu
eman-eman umurnmu*

*cah ayu mesem, mripate surem
unjal ambegan dawa, menapa saged
yen ibu kula mboten kersa nampi
lan anak kula mboten wonten ingkang
ngopeni?*

Setelah membaca guritan tersebut bayangan yang melintas di benak kita adalah peristiwa pertemuan

penyair dengan "cah ayu" ini menyiratkan banyak hal, di antaranya:

- (1) pertemuan itu terjadi pada waktu malam hari
- (2) ada perasaan senasib antara penyair dengan "cah ayu"
- (3) "cah ayu" hidup menderita
- (4) antara "cah ayu" dengan orang tuanya sedang terjadi konflik keluarga.

Di atas disebut 'bayangan' yang melintas di benak kita, karena puisi ini memang tidak pernah memberi informasi yang sejelas-jelasnya kepada kita. Puisi ini mengajak kita untuk meraba-raba, menduga-duga, dan merasakan 'sesuatu' yang dialami oleh penyairnya ketika bertemu dengan "cah ayu" di suatu malam yang indah.

Dan kenapa pula penyair menyebut "cah ayu" tadi berdiam di bawah pohon 'waru' dan bukan di bawah pohon flamboyan atau pohon mangga, dan kenapa rembulan disebutnya berwarna 'ungu' dan bukan berwarna kuning atau putih? Tentu saja hal ini adalah upaya penyair untuk memberi bumbu artistik (keindahan) dengan irama dalam persajakan (u, u, u, u). Memang dalam membentuk irama dan lirik sebuah puisi penyair mempunyai banyak kiat. Irama dapat diletakkan pada akhir baris kalimat, tetapi juga dapat diletakkan pada kata-kata yang berderet dalam satu baris kalimat. Misalnya dalam kalimat 'dodol crita golek sega', tidak dapat diubah menjadi 'dodol crita golek pangan'. Suasana yang demikian tentu akan 'merusak' keindahan sebuah puisi.

Penutup

Kiranya kurang tepat bila dalam tulisan ini saya banyak mengemukakan teori. Selama saya menjadi penyair saya memang tidak pernah belajar teori. Pada akhirnya teori-teori itu datang sendiri setelah saya belajar dan belajar menulis puisi. Mungkin secara tidak sengaja penemuan saya itu dianggap 'teori' oleh orang lain yang mengamati puisi saya.

Yang terpenting bagi kita adalah adanya keberanian untuk memulai menulis puisi, dan setelah itu ada keberanian pula untuk mengirimkan kepada redaksi. Setuju?!!!

AYO NULIS GURITAN (Sing ngajak Turiyo Ragilputra)

Nulis guritan?

Pengin nulis guritan?

Sapa pengin nulis guritan?

Poer Adhie Prawoto nate kandha, nulis guritan iku gampang. Arswendo Atmowiloto ngendika “mengarang itu gampang”?

Siji

Ing kene, aku ora ngrembug utawa rembugan panemu ing dhuwur mau. Miturut sliramu, nulis guritan iku gampang apa angel? Yen aku entuk urun panemu, nulis guritan *gampang-gampang angel* (dijungkir uga kena: *angel-angel gampang!*) Milih siji endi, mangga. Sing terang, wong arep nulis guritan iku becike (kudu) ngerti hakekate karya sastra *genre* guritan.

Karana aku ora nemokake pangerten gegayutan karo hakekate guritan, becik dakaturake “apa hakekate” puisi – sawijine karya sastra sing nduweni “bongkot pucuk” memper guritan. Ing bukune “*Teori dan Apresiasi Puisi*”, Dra. Ny. Raminah Baribin nulis ngene, “*Puisi berarti ucapan yang dibangun; maksudnya ucapan yang tidak langsung.*” Meres teges sajroning ukara iku, guritan bisa ditegesi karya sastra sing diwangun kanthi basa ‘*sandi*’, tembung-tembung isyarat, kebak *idiom-idiom* sastra kanthi ancas cinipta sawijine karya sastra sing ora mung endah, nanging uga ngandhut nilai-nilai unifersal.

Dhuh, angel ditegesi ya? Wis becike ngene bae: guritan iku karya sastra Jawa sing isine pengin kandha “*mengkene*” nanging olehe ngomongake malah kanthi

"mengkono". Kandha ngalor nanging sing dikarepake mendhuwur! Mula saka iku, guritan beda karo crita cekak (ya jelas no). crita sambung. apamaneh sejarah utawa biologi. Beda!

Sadurunge nyemplung ing "*praktek mulis guritan*", saiki ayo nyoba mbedakake antarane guritan lan ilmu liyane. Upamane sejarah lan biologi. Miturut panemune sapa? Miturut panemuku lan panemumu! Dudu panemune wong-wong sing mulih pasar. Mbedakake guritan lan ilmu liyane iku ngenani sawijine perkara. Upamane bae ngenani donyaning tetuwuhan. Njupuk bae wit.....*glugu!* Ngerti ta wit glugu? Wit glugu iku wit sarwaguna. Apa-apane kabeh kena dimanpangatake. Nanging eling lho, yen ana bocah wadon kaya wit glugu, iku kurang becik. Wit glugu iku rak sing menek ora mung wong siji loro ta? Dadi yen ana bocah wadon "akeh sing menek", ora becik. Hi hi hi hi....!

Digepokake karo *sejarah*, sejarah asal usule glugu, pirembungan bakal digandhengake karo asal-usule glugu, pirembungan bakal digandhengake karo asal-usule wit glugu. Iki upamane: yen bareng ditlusur menawa glugu iku – upamane – asale saka Nuswantara, ha mbok nganti kapan bae ora bisa diowahi dadi – upamane: glugu asale saka Portugis, Israel, utawa Ustrali. Ora bisa!.

Digepokake karo *biologi*, pirembungan bisa kupeng ing perkara – upamane – kalebu thukulan kanthi jenis oyod sing kepiye lan mlebu perangan thukulan "berkeping" pira. Yen sawise ana klasifikasi menawa glugu iku kalebu jinising thukulan "berakar serabut", arepa dijungkir walik tetep ora bisa dilebokake jroning

thukulan jinis "berakar tunggang". Semana uga yen wis digolongake minangka thukulan "berkeping kembar".

Iki beda yen perkara glugu dirembug adhedhasar "abang ijone" guritan. Glugu bisa didadekake lajering rembug ngenani tresna jalu estri, utawa pasrawungan antarane titah lan Gustine.

Ayo saiki nyoba bareng-bareng gawe guritan kanthi milih tembung "glugu" minangka undheraning perkara. Ewasemana sadurunge tembung "glugu" minangka undheraning perkara. Ewasemana sadurunge tembung iku ditetesake dadi pirang-pirang tembung sing mengkone nglumpuk dadi ukara-ukara, ora ana alane aku lan sliramu tepung luwih cedhak ngenani cirikhase glugu, upamane:

- Blegere lempeng, ora cawang-cawang, lan dedege dhuwur.

- Uwohe, yen isih cilik jenenge *bluluk*, bareng rada gedhe dijenengi *cengkir*.

mundhak maneh duwe jeneng *degan*, banjur yen wis diwasa aran *krambil*.

- Yen kembange – jenenge manggar – dideres bisa metu legene (wong Kebumen).

ngarani "*sajeng*" – saka tembung kersane kanjeng?)

- isih ana maneh, nanging goleka dhewe (he he hengguyu!)

Langkah sabanjure yaiku *milih tema*. Yen temene perkara tresna (upamane kepengin nelakake tresna marang wong sing digandrungi) bisa nulis ngene:

(Irah-irahan bebas)

glugu sing daktandur jroning atiku
terus dakrabuk sadawane wektu

kareben mbesuk tembe bisa kembang
lan uwohe thukul ing taman "smaramu

Sliramu bisa mbiji miturut ukuranmu dhewe-
dhewe ngenani tembung sing dipilih: pas utawa ora.
Awit sapa ngerti sliramu bisa nemu tembung sing luwih
mathis, luwih manis, lan luwih *puitis*. Saliyane iku,
diwawas saka babagan "mutu", sliramu uga bebas mbiji.
Dibiji apik hiya kena, biasa-biasa bae ora ana sing
nglarang, lan dibiji *uelek* (elek banget) aku hiya ora
muring. Bebaslah! Awit ancasku mung kepengin
ngaturake: *sepisan*, wit sing ing sadhengah papan ana,
pranyata kena kanggo lelantaran nelalake katresnan.
Kapindho, "tembung kunci" – yaiku *glugu* mujudake
tembung lumrah. Semana uga tembung-tembung sing
mangun dadi untingan (*bait*). *Katelu*, guritan sing
dumadi saka patang larik iku wis ngompliti syarat
"pengin kandha mengkene" nanging olehe ngomongake
malah kanthi "kandha mengkono".

Sauntara iku, yen aku lan sliramu kepengin
nelakake anane *iman* marang Gusti Kang Akarya
Jagad, bisa kanthi nulis mengkene:

iki cahya-Mu, manther saka pucuk *glugu*

dhuwur ngungkuli mahameru

cendhak sangisore dlamakan suku

perbawane cahya gumilang

dadiya panulaking sesiku

ana kalane obor kena pepati

nanging panjangna obor kalanggengan ing
gluguning ati

Nah, kaya guritan sing kapisan, guritan
kapindho iki uga ora uwal saka perkara "*glugu*".

Nanging beda karo guritan kapisan. guritan kapindho iku temane *religius*. Guritan sing dicipta karana si panggurit kepengin nganakake "*komunikasi*" kaso Sang Khalik.

Wis ngono bae. Aku ora arep ndedawa rembug. Aku pengin nantang sliramu. Apa sliramu temen-temen pengin nulis guritan? Yen iya, ayo nulis saiki! Nulis miturut kabisanmu, miturut daya kreativitas lan imajinasimu. Yen wis dadi, tulisan iku arep kokkapakk, karepmu. Arep nyoba dikirim ing majalah kena, disimpen uga apik. (Ssst, ing Ngayogyakarta kene ana majalah "*Pagagan*". Kirimen mrana. Insha Allah diemot!)

Loro

Ngerti peso, ta? Peso ing pawon gunane kanggo rajang-rajang. Yen duweke tukang jagal digunakake kanggo ngiris daging. Peso sing tansah digunakake lan diasah bakal katon gilap lan landhep. Suwalike, landhepa kayangapa, yen ora nate dienggo, mung dislempitke ing gapit gedheg, tundhone bakal tiyengen – *karaten*.

Nah, pikiranku lan pikiranmu uga kaya peso iku. Yen ora nate digunakke kanggo mikir, pikiran malah dadi kethul. Kareben mikir, aku lan sliramu butuh tantangan. Perlu ngadhepi perkara sing sipate isih semu siningid. Ora cetha wela-wela. Ora nglegena. Ora telanjang. Saiki ing ngarepmu ana tantangan: tantangan gawe guritan, sawise (*banget*) sethithik ngerti *apa* lan *kepiye* guritan iku. Piye?

Ngendikane Mas Suryanto Sastroatmodjo, yen pengin ngarang aja nggugu gugon tuhon. Ayo

ngaranga linandhesan aji dhiri lan kapribadenmu
sawutuhe!

1. Nama : Andreas Willy Satya Putranta
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Bantul, 28 Juni 1982
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMU 7 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan M.T. Haryono 47, Yogyakarta
Telepon: 377740
7. Alamat rumah : Jalan Parangtritis Km 12
KadibesoRT 04/VIII
Bantul 55715
8. Hobi : Koleksi gambar, membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : Lomba Membaca Cerkak
Tahun 1999



1. Nama : Fransisca Sriyati
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 5 Februari 1983
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMU 7 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan M.T. Haryono 47, Yogyakarta
Telepon 377740
7. Alamat rumah : Cebongan RT 13/R 10/334, Kasihan
Bantul
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : Lomba Membaca Puisi
dalam rangka Lustrum
Fakultas Sastra UGM



1. Nama : Ignatius Yoga Kumala Yulianto
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 17 Juli 1981
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMUK Sang Timur
6. Alamat sekolah : Jalan Batikan 7, Yogyakarta
Telepon: 380782
7. Alamat rumah : Jalan Bintaran Tengah 6,
Yogyakarta
Telepon 376563
8. Hobi : Kesenian
9. Pengalaman baca puisi/cerpen:
 - a. Lomba Membaca Puisi "Janur Kuning" Tingkat SLTA Se-DIY di STIE Widya Wiwaha Yogyakarta
 - b. Lomba Membaca Cerpen di SMUN 1
 - c. Lomba Membaca Cerkak Berbahasa Jawa di Fakultas Sastra UGM




1. Nama : Nurtria Rendi Rahmadi
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 5 Juli 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 7 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan M.T. Haryono 47
Yogyakarta
Telepon 377740
7. Alamat rumah : Jalan Tawes II/11, Minomartani
Ngaglik, Sleman, Yogyakarta 55581
8. Hobi : Filateli, bersepeda
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : Lomba Membaca Cerkak
dalam rangka Lustrum VIII KMSD




1. Nama : Anastasia Purwanti
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 29 Mei 1983
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMU 1 Minggir
6. Alamat sekolah : Sendangmulyo, Minggir, Sleman
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Kliran, Sendangagung, Minggir
Sleman
8. Hobi : Deklamasi, membaca korespondensi
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : a. Lomba membaca puisi di
sekolah
b. Lomba membaca geguritan
di UGM



1. Nama : Ike Ayu Chotimah Srihesti Wulandari
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Pekalongan, 9 Oktober 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Minggir, II
6. Alamat sekolah : Pakeran, Sendangmulyo, Minggir
Sleman
7. Alamat rumah : Trukan jitar, Sumberarum, Moyudan
Sleman
8. Hobi : Mendengarkan musik, membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : Membaca cerpen berbahasa
Jawa



1. Nama : Intan Permatasari
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 31 Januari 1983
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMU 8 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Sidobali 1, Muja-muju, Yogyakarta
7. Alamat rumah : Jalan Magelang 40b, Yogyakarta
Telepon 563707
8. Hobi : Menyanyi
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : -



1. Nama : Niken Devi Rosita
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 25 Maret 1984
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 6 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan C. Simanjuntak 2, Yogyakarta
Telepon 513335
7. Alamat rumah : Surokarsan Mg II/262, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca Puisi, membuat lagu dan puisi
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : Membaca puisi dalam rangka
17 Agustusan
10. Pengalaman menulis puisi : (1) Menulis puis Islam
Menulis opini dalam Famena dengan judul "Islam di tahun
2000"; (2) Menulis puisi dengan tema kemerdekaan.
11. Media yang telah memuat karya-karya puisi/cerpen:
Famena (Ngalab Islam mesjid Nurul Huda)
12. Pewnghargaan yang pernah diperoleh:
peserta karya tulis bidang kesehatan, dengan tema Menang-
gulangi Demam Berdarah Dengus



1. Nama : Nurul Aini Sinta Dewi
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Magelang, 7 September 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah, kelas : SMU I Sleman, IIf
6. Alamat sekolah : Jalan Magelang Km 14, Medari
Catruharjo, Sleman
7. Alamat rumah : Ngentak, Tamanagung, Muntilan
Magelang
8. Hobi : Catur, membuat puisi




1. Nama : Hemma Retna Ningsih
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Pontianak. 27 Juni 1984
4. Agama : Katolik
5. Sekolah : SMU 1 Minggir, ILA
6. Alamat sekolah : Pakeran, Sendangmulyo. Minggir Sleman
7. Alamat rumah : Janggrangan, Daratan Tengah RT 04/4, Sendangarum, Minggir Sleman
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : a. Membaca cerpen
b. Lomba membaca puisi antarsekolah
10. Pengalaman menulis puisi/cerpen : a. Menulis puisi di majalah
b. Menulis cerpen di buku Kanisius Gema
c. Menulis puisi dan cerpen di Majalah Kangguru



1. Nama : Violet Afifah
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 26 Juni 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah, kelas : SMU 1 Sleman
6. Alamat sekolah : Jalan Magelang Km 14, Medari Sleman
7. Alamat rumah : Panasan, Kapling, Triharjo, Sleman
8. Hobi : Mengarang
9. Pengalaman baca puisi/cerpen:
 - a. Lomba membaca cerpen
 - b. Lomba membaca geguritan
 - c. Lomba membaca cerkak



1. Nama : Sena Budi Husada
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Tuban, 7 Mei 1981
4. Agama : Islam
5. Sekolah, kelas : SMU 1 Sleman
6. Alamat sekolah : Jalan Magelang Km 14. Caturharjo
Sleman
7. Alamat rumah : Kembangarum, Donokerto, Turi
Sleman
8. Hobi : Bulutangkis



1. Nama : Bandi Sarono
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 6 Desember 1981
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Cangkringan, III/b
6. Alamat sekolah : Bedoyo, Wukirsari, Cangkringan Sleman
7. Alamat rumah : Krajan, Wukirsari, Cangkringan Sleman
8. Hobi : Bola Voli, Sepak Bola, Tinju
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Diah Putri Daninggar
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Surakarta, 22 Februari 1982
4. Agama : Kristen
5. Sekolah : SMU BOPKRI II (III Bahasa)
6. Alamat sekolah : Jalan Jenderal Sudirman 87
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Jalan Veteran 159, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :




1. Nama : Akhyar Anis
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Bantul, 29 Mei 1981
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU Muhammadiyah IV Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Mondorakan 51, Kotagede Yogyakarta
7. Alamat rumah : Kedungpring, RT 01/11, Bawuran Pleret, Bantul, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca dan Olah Raga
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :




1. Nama : Ari Iswahyuningsih
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 10 Juni 1981
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU Taman Madya "IP" Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Taman Siswa, Yogyakarta
7. Alamat rumah : Sorogenen UH VI/106, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Cahyono Nugroho
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat. tanggal lahir : Sleman, 5 April 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Depok, Sleman
6. Alamat sekolah : Babarsari, Depok, Sleman
7. Alamat rumah : Jalan Janti, Gang Flamboyan 117
Condongcatur, Depok, Sleman
8. Hobi : -
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Nur Afiyah
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Lamongan, 14 November 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU Muhammadiyah IV Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Mondorakan 51, Kotagede
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Jalan Mondorakan 55, Kotagede
Yogyakarta
8. Hobi : Membaca dan Menulis
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Apin Mardesa Sari
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 15 Juli 1984
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Kasihan, Bantul, Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Bugisan Selatan, Bantul
7. Alamat rumah : Kuncen, Gang Wajar 365, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca Komik
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Nur Hidayah
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 10 Juli 1984
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Kasihan, Bantul, Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Bugisan Selatan, Bantul
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Gambiran UH V/237, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Ratih Fatmaniin
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 3 Oktober 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Depok, Sleman
6. Alamat sekolah : Babarsari, Caturtunggal, Depok Sleman
7. Alamat rumah : Denokan, Maguwoharjo, RT 04/63 Depok
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :




SMU 1 DEPOK SLEMAN

1. Nama : Sri Widarti
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 20 Mei 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Depok, Sleman, Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Babarsari, Depok, Sleman
7. Alamat rumah : Krodan, Maguwoharjo, Depok Sleman
8. Hobi : Membaca, Bola Voli
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :




1. Nama : Lysa Widyarini
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Wonogiri, 22 November 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU PIRI I Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Kemuning 14, Baciro
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Jalan Mawar 83, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca buku
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :-




1. Nama : Harry Yulianto
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Batang, 10 Juli 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 2 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Bener, Tegalrejo, Yogyakarta
7. Alamat rumah : Tegalweru, margodadi, Seyegan
Yogyakarta
8. Hobi : Mendengarkan musik campur sari
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :-



1. Nama : Ernest Oktavianus Ducky
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta, 15 Oktober 1981
4. Agama : Kristen
5. Sekolah : SMU BOPKRI II Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Jenderal Sudirman 87
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Notoyudan GT II/1027, Yogyakarta
8. Hobi : Menggambar
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Robyantoro Hw.
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Yogyakarta. 17 Februari 1983
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU PIRI Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Kemuning 14. Baciro
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Danukusuman Gk IV/1326
Yogyakarta
8. Hobi : Membaca buku
9. Pengalaman baca puisi/cerpen :



1. Nama : Rachmatullah Hadi Nurhantara
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 27 September 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Cangkringan, III IPA
6. Alamat sekolah : Bedoyo, Wukirsari, Cangkringan Sleman
7. Alamat rumah : Plupuh, Wukirsari, Cangkringan Sleman
8. Hobi : Membaca puisi, olahraga, dan musik
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : -



1. Nama : Sunarta
2. Jenis kelamin : Laki-laki
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 25 Desember 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU 1 Cangkringan
6. Alamat sekolah : Bedoyo, Wukirsari, Cangkringan Sleman
7. Alamat rumah : Rahadem, Kepuharjo, Cangkringan Sleman
8. Pengalaman baca puisi/cerpen : a. Membaca puisi (Juara I)
Tk. Kecamatan
b. Membaca Puisi Tingkat
Kabupaten
c. Membaca Puisi dan *Cerkak*



1. Nama : Marieskha Dianing Praharsari
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Jepara, 13 Oktober 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMUMuhammadiyah 1 Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Gotongroyong 2, Yogyakarta
7. Alamat rumah : Jalan Jetis Pasiraman 6, Yogyakarta
8. Hobi : Membaca
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : a. Lomba Membaca Puisi se-Kabupaten Jepara
b. Porseni SD Lomba Membaca Puisi
10. Pengalaman membaca puisi/cerpen:
- Lomba Mengarang Cerpen Arab Gundul
11. Penghargaan yang Pernah Dieroleh:
 - a. Juara I Membaca Puisi Se-Kabupaten Jepara
 - b. Juara I Cerpen Arab Gundul Se-SMU Muhammadiyah 1
 - c. Juara III Membaca Puisi (Porseni SD)



1. Nama : Anisaul Hasanah Kurniawati
2. Jenis kelamin : Perempuan
3. Tempat, tanggal lahir : Sleman, 27 Oktober 1982
4. Agama : Islam
5. Sekolah : SMU Muhammadiyah 1, Yogyakarta
6. Alamat sekolah : Jalan Gotongroyong 2, Petinggen
Yogyakarta
7. Alamat rumah : Stan Rt 02, RW 43, Maguwoharjo
Yogyakarta
8. Hobi : Qiro'ah, membaca Puisi, menyanyi
9. Pengalaman baca puisi/cerpen : -



